DEPATMAN DETA NYS - DIVIZYON SÈVIS LISANS

PRATIK KWAFÈ
APÈSI SOU PWOSEDI EGZAMEN AN

Sa a se <u>sèlman</u> yon rezime pwosedi egzaminasyon yo. Pou plis detay sou sa w dwe atann nan egzamen an, tanpri al gade *Lis Travay sou entènèt pou Pwosedi Egzamen Pratik Kwafè a*.

Men yon deskripsyon sou pwosedi egzamen y ap mande w pou w fè yo.

Y ap ba ou enstriksyon ak yon anons sou tan ki disponib pou chak seksyon nan egzamen sa a. Pa kòmanse okenn pwosedi jiskaske yo di w fè sa. Diskisyon ant kandida yo pa otorize. Y ap elimine tès ou a si evalyatè a obsève nenpòt kominikasyon, vèbal oswa lòt fason, pandan egzamen an.

W ap fè pwosedi sa yo sou yon mannken; se responsablite moun k ap fè egzamen an pou l bay yon mannken ki reponn ak kondisyon egzamen an. Mannken an dwe gen yon tèt plen cheve (nenpòt teksti otorize) ak yon longè cheve minimòm de pous epi pa gen pwal sou figi pou fè pwosedi yo mande yo. Pou rezon egzamen, yo ka konsidere mannken ou an kòm menm kliyan an.

Tanpri sonje pwodwi demonstrasyon yo ta dwe trete kòm si yo te pwodui toutbon an.

PATI I - PREPARASYON ESPAS TRAVAY LA AK PREPARASYON KLIYAN AN (MANNKEN) (10 minit)

Touswit apre yo fin plase w nan zòn travay ou a, tanpri kòmanse:

Etap 1 Retire solisyon dezenfektan sifas la ak materyèl ki gen rapò avè l yo nan twous ou a epi dezenfekte espas travay ou a dapre pwosedi yo mande yo. ***Asire w ou tache yon sache plastik pou bagay pou jete (fatra) nan estasyon travay ou a kounye a.***

Etap 2 Prepare materyèl jeneral ki pral itilize pandan egzamen an, ansanm ak bagay ou bezwen pou pwosedi teknik koupe cheve a. ***Asire w ou mete veso w la deyò pou kontaminasyon san an nan moman sa a tou.***

Etap 3 Dezenfekte men w epi byen sere mannken w nan estasyon travay la avèk yon klanms kontwa; vlope mannken w lan epi tann plis enstriksyon.

[Apre evalyatè a fin verifye estasyon travay ou a, ou pral kòmanse chak pwosedi egzamen sèlman lè yo di w fè sa.] Si sa nesesè, yo ka pase w egzamen an nan yon lòd diferan de sa ki prezante pi ba a.]

PATI II - TEKNIK POU KOUPE CHEVE (30 minit)

Kounye a, ou pral demontre teknik pou koupe cheve. W ap fè demonstrasyon w lan sou cheve mouye oubyen sèch. Premyèman, w ap koupe zòn kou nan tèt la ak yon lam #1 oswa yon gwosè pi ba. Retire liy tranzisyon an (pwa) avèk teknik tondez sou peny la (ou ka itilize yon sèl atachman peny). Apre sa, w ap taye pafouten yo an fòm pi piti rive nan tanp lan avèk teknik tondez sou peny lan. Koupe cheve menm nivo anwo, dèyè ak sou kote tèt la, w ap retire omwen ½ pous cheve avèk teknik dwèt ak sizo (si cheve a epè, ou ka itilize yon pik ak ti sizo). Apre sa, sèvi ak sizo w yo pou fè teknik koub la alantou zòrèy yo ak desann nan kou a. Apre sa, rekouvri epi montre zòn koub la avèk razwa dwat ki gen lam ki ka chanje, ou p ap itilize yon vrè lam razwa. Pou fini sèvi ak pwosedi vlope sèvyèt la epi sèvi ak poud talk pou retire pwal ki tonbe sou figi ak kou a. Lè w fini, fè bak pou montre w fini. Evalyatè w la ap pwoche bò kote w pou egzamine fason w ap koupe cheve a. Pou demonstrasyon sa a, ou dwe koupe omwen ½ pous cheve.

Etap 1 Prepare tout founiti ak zouti ki nesesè pou konplete pwosedi sa a si ou poko fè sa. Lè yo ba w enstriksyon:

Etap 2 Penyen cheve a pou l pare pou pwosedi a (mouye l oswa kite l sèch).

Etap 3 Sèvi ak yon lam #1 oubyen mwens pou koupe zòn kou a an fòm pi piti; s*èvi ak teknik tondez* sou peny pou koupe zòn ki ant kou a ak oksipital la epi retire liy tranzisyon an (liy pwa a).

Etap 4 Taye pafouten yo rive nan tanp lan avèk *teknik tondez sou peny*; koupe omwen ½ pous cheve.

Etap 5 Koupe nan menm nivo sou tèt la, retire omwen ½ pous cheve, sèvi ak yon gid k ap deplase soti nan kouwòn rive nan fwon an avèk teknik dwèt ak sizo (si se cheve epè, ou ka chwazi sèvi ak yon pik ak sizo ak metòd men ki leve a ou dwe itilize tou de tondez ak sizo si w chwazi metòd sa a); melanje tèt la ak sou kote yo ak dèyè a pa mwayen avèk ***teknik sizo sou peny lan***.

Etap 6 Sèvi ak *teknik sizo an koub la* (ou ka itilize sizo ak peny) pou defini liy natirèl la byen klè otou zòrèy yo.

Etap 7 Retire tout cheve ki nan kouvèti a epi kouvri kliyan an (mannken) ankò.

Etap 8 Aplike krèm pou fè bab sou zòn tanp yo, alantou zòrèy yo, ak desann nan kou a. Fè demonstrasyon w ap raze zòn koub la kòmanse nan tanp lan epi kontinye fè koub la alantou zòrèy yo (nan direksyon pafouten) epi kontinye desann nan kou a avèk razwa dwat ki gen lam ki ka chanje a; ou p ap itilize yon vrè lam razwa.

Etap 9 Retire tout cheve ki nan figi ak kou kliyan an (mannken an) avèk pwosedi kote w ap vlope l ak yon sèvyèt epi sèvi ak poud talk.

PATI III - RAZAJ – PWAL NAN FIGI (15 minit)

Ou pral demontre yon rasaj pa mwayen avèk yon razwa dwat ki gen lam ki ka chanje (ou p ap itilize yon lam razwa). Apre w fin byen prepare figi a, ou pral montre pwosedi sa a sou tout katòz zòn razaj nan figi a (pou yon dyagram pati w ap raze a, ale sou: https://dos.ny.gov/system/files/documents/2021/04/figure-of-shaving-areas-stroke-direction.pdf

Etap 1 Prepare tout founiti ak zouti ki nesesè pou konplete pwosedi sa a si ou poko fè sa. Lè yo ba w enstriksyon:

Etap 2 Prepare (kouche) kliyan (mannken) an pou l resevwa pwosedi a; aplike yon sèvyèt vapè mouye/imid sou figi kliyan an (mannken) pandan apeprè 10-15 segonn. (Remak: Ou ka itilize mous/krèm anvan vapè demonstraston an, men se yon opsyon e li pa obligatwa; sèvyèt la pral mouye/imidifye avèk dlo ki soti nan yon boutèy ki flite.)

Etap 3 Mete luil sou figi ak kou kliyan w lan (mannken) ak kim/krèm pou fè bab.

Etap 4 Fè yon demonstrasyonn mouvman razwa ak men w ki leve, do men, ak men lejè nan sans ranvèse sou zòn figi ki apwopriye pou razwa a avèk razwa dwat ki gen lam ki ka chanje ou genyen an (nòt: ou p ap itilize yon vrè lam razwa).

Etap 5 Retire kim ki rete sou figi ak kou kliyan an (mannken an) avèk yon sèvyèt vapè mouye/imid.

PATI IV - MASAJ FIGI (10 minit)

Ou pral aplike sèvyèt vapè mouye/imid sou figi a ak kou a anvan. Apre w fin mete sèvyèt yo, ou pral aplike krèm masaj sou figi ak kou mannken w lan pou montre l fason pou l fè mouvman masaj. Apre w fin fè yon masaj 3-5 minit, ou pral retire krèm masaj la sou figi mannken w lan avèk krèm netwayaj ak yon sèvyèt. Pou fini vlope figi a ak yon sèvyèt epi siye l ak poud talk.

Etap 1 Prepare tout founiti ak zouti ki nesesè pou konplete pwosedi sa a si ou poko fè sa. Lè yo ba w enstriksyon:

Etap 2 Fè demonstrasyon yon vapè sou figi kliyan w lan (mannken) avèk youn oubyen de sèvyèt.

Etap 3 Aplike ti gout krèm masaj la dirèkteman sou figi a epi gaye l sou figi ak kou kliyan an (mannken an).

Etap 4 Fè yon masaj 3-5 minit sou figi ak kou kliyan w lan (mannken) an, pandan w ap demontre de oswa plis mouvman masaj.

Etap 5 Fè demonstrasyo yon vapè sou figi kliyan w lan (mannken) yon dezyèm fwa avèk youn oubyen de sèvyèt.

Etap 6 Aplike ti gout krèm netwayaj la dirèkteman sou figi a epi gaye l nan menm nivo sou figi ak kou kliyan an (mannken an).

Etap 7 Retire tout krèm/losyon ki sou figi ak kou kliyan w lan (mannken) an avèk yon sèvyèt (sèvyèt ki tyèd); ranplase yo ak yon sèvyèt pou fèmen powosite yo (demonstrasyon sèvyèt frèt).

Etap 8 Siye figi kliyan an (mannken an) avèk yon sèvyèt pwòp, sèvi ak pwosedi vlope sèvyèt la epi sèvi ak poud talk.

PATI V - NETWAYAJ ESPAS TRAVAY LA (5 minit)

Lè yo di w fè sa, ranje founiti ou yo epi netwaye zòn travay ou a. Lè w fini, tanpri rete tann yon evalyatè pou voye w ale. Pran tout bagay avèk w (ou pa dwe kite anyen dèyè).

Etap 1 Sere zouti ki itilize yo byen pou transpò.

Etap 2 Netwaye estasyon travay (sifas travay la). Bale sifas la si sa nesesè (sèvi ak pwòp ti bale ak pèl pou pousyè w).

Etap 3 Ranmase tout founiti ak zouti yo. Sof si yo ba ou lòt enstriksyon, ou dwe pote sachè fatra ou yo avèk ou.

Etap 4 Kite egzamen an an-silans lè ou fini.

POU W PLIS ENFÒMASYON DETAYE SOU EGZAMEN AN, TANPRI GADE LIS SA W GEN POU W FÈ POU PWOSEDI EGZAMEN YO KI SOU ENTÈNÈT LA.